



DEPO GARANTI POU LWAYE

KESYON KLE AK KONSÈY POU PWOPRIYETÈ
AK LOKATÈ NAN CONNECTICUT



CONNECTICUT
Department of Banking

Byenvini!

Nan kesyon depo garanti pou lwaye, pwopriyetè yo ak lokatè yo gen dwa ak responsabilite espesifik. Nan ti bwochi sa a yo reponn kesyon yo poze pi souvan konsènan depo garanti pou lwaye yo. Aprann prensip fondamantal pwopriyetè yo dwe respekte yo, enstriksyon lokatè yo dwe konnen pou pwoteje depo garanti yo a ak posibilite pou rezoud konfli.

N ap fè efò pou n ede lokatè yo **ak pwopriyetè yo** konprann obligasyon yo ak lwa Connecticut la.

Lwa Connecticut la defini dwa ak responsabilite pwopriyetè yo ak lokatè yo genyen **konsènan** koleksyon, **konsèvasyon** ak restitasyon depo garanti yo.



PWOPRIYETÈ

Depi w fin remèt kle apatman w lan oubyen kay ou a bay yon lokatè, ou **dwe respekte prensip fondamantal** konsènan depo garanti yo.

LOKATÈ

Depi w fin aksepte pran kle nouvo lojman w lan, **ou dwe suiv enstriksyon pou pwoteje depo garanti w la.**

Ou kapab konsilte piblikasyon sa yo pou w ka jwenn enfòmasyon ki pi detaye.

Sèvis Jidisyè nan Connecticut
Dwa ak Responsabilite Pwopriyetè ak Lokatè yo nan Connecticut

Asanble Jeneral nan Connecticut
Seksyon 47a-21





KESYON YO POZE SOUVAN

Kisa ki yon Depo Garanti?

Yon depo garanti se yon pèman ki fèt avan lokasyon an oubyen yon pèman pasyèl ki diferan de yon pèman ki fèt davans pou premye mwa lwaye a oubyen yon depo ou fè pou w ka resevwa yon kle oubyen yon ekipman espesyal. **Depo garanti a ap rete kòm pwopriyete lokatè a, men pwopriyete a gen yon garanti sou depo sa a.** Yo dwe konsève depo garanti yo sou yon kont ki fèmen nan yon enstitisyon finansyèl nan Connecticut.

Ki montan yon Pwopriyete kapab egzije pou yon Depo Garanti?

Pwopriyete yo pa ka egzije plis pase de (2) mwa lwaye kòm depo garanti. Limit sa a redui rive jis nan yon mwa lwaye si lokatè a nan laj 62 lane oubyen plis.

Èske Pwopriyete yo dwe peye Lokatè yo Enterè sou Depo Garanti yo?

Wi. Pwopriyete yo dwe bay lokatè yo enterè sou depo garanti yo ki egal omwenaktarifmwayendepoepaybankkomèsyalyo,janKomisèOperasyon Bankè a detèmine epi pibliye sa a chak ane a. W ap jwenn enfòmasyon sou tarif aktyèl yo ki disponib lè w rele nan **(860) 240-8199** oubyen ale sou **www.ct.gov/dob**. Yo dwe peye enterè sa yo chak ane nan dat anivèsèl lokasyon an. Pwopriyete yo kapab peye lokatè yo dirèkteman oubyen yo akòde yo yon kredi pou lwaye pwochen mwa a.

E si yon Lokatè Anreta nan Pèman Lwaye a?

Lokatè yo pèdi enterè yo sou depo garanti yo a pou tout mwa yo gen plis pase dis **(10) jou reta sou yo nan pèman lwaye yo a.** Sèl grenn eksepsyon ki genyen se lè pwopriyete a enpoze frè reta a davans nan kontra lokasyon li etabli ak lokatè a.

Kòman Lokatè yo Kapab Asire yo y ap Ranbouse yo Depo Garanti yo a?

Lokatè yo dwe verifike eta apatman yo a avèk atansyon lè y ap vin abite ladan an, konfime eta apatman an ak nouvo pwopriyete a nan yon notifikasyon ekri epi respekte kondisyon kontra a. Avan yo demenaje, lokatè yo dwe mete pwopriyete yo a okouran de entansyon yo genyen pou yo kite kay la, pa mwayen ekri, epi ba li adrès pou transfè a kote l ap kapab voye depo garanti a ba yo avèk enterè a. **Nou vrèman rekòmande pou yo voye avi ekri yo pa lapòs yon fason ki sètifye avèk akize resepsyon.** Lokatè yo dwe peye tout lwaye yo a lè epi yo dwe repare dega yo fè yo. Avan yo demenaje, lokatè yo dwe enspekte apatman an avèk pwopriyete a si sa posib. Yo dwe remèt kle yo nan jou lokasyon an pran fen an.



Lokatè yo dwe enspekte eta espas y ap lwe a **avan yo vin abite ladan ak avan yo demenaje.**



Kilè Pwopriyetè yo Dwe Ranbouse Depo Garanti yo?

Pwopriyetè yo dwe fè ranbousman depo garanti yo avèk enterè yo oubyen bay lokatè yo yon notifikasyon ekri, sou reklamasyon yo fè pou dega ki fèt, nan **venteyen jou** ki vin aprè dat lokasyon an pran fen an. Sèl grenn eksepsyon ki genyen se ka kote lokatè a pa bay adrès pou transfè a nan yon nòt ekri: kidonk pwopriyetè yo pa gen obligasyon pou yo ranbouse yo depo garanti yo oubyen voye yon avi konsènan dega yo avan yon delè kenz (15) jou kòmanse nan dat yo resevwa yon adrès pa mwayen ekri pou transfè a.

Si pwopriyetè a pa ranbouse depo garanti a ak enterè yo oubyen li pa bay yon notifikasyon ekri sou dega ki fèt yo nan delè lalwa egzije a, li ka gen obligasyon pou l peye de (2) fwa valè montan depo garanti a.

Lokatè yo kapab al depoze plent nan tribinal. Pou plis enfòmasyon, konsilte seksyon nan bwochi sa a ki konsène opsyon pou rezoud konfli yo.

Nan notifikasyon pwopriyetè a ekri sou dega ki fèt yo, li dwe bay detay sou tip dega ki fèt la ak montan y ap pran sou lokatè a, ki gen ladan l lwaye oubyen sèvis piblik ki pa peye yo, epi li dwe akonpanye ak balans ki rete a, si sa nesesè, depo garanti lokatè a yo pa reklame pou dega yo, plis enterè yo.



Lokatè yo ta dwe kite kay la nan fen kontra lokasyon yo a oubyen **peryòd lokasyon yo a, sof si yo te pran lòt dipozisyon ak pwopriyetè yo a.**

Èske Lokatè ki pa Kite Kay la nan Fen Peryòd Lokasyon an Dwe Peye yon Lwaye Sipleman?

Lokatè yo ta sipoze kite kay yo lwe a nan fen kontra lokasyon yo a oubyen peryòd lokasyon an, sof si yo te pran lòt dispozisyon ak pwopriyetè yo a. Peryòd lokasyon nòmal yo kòmanse nan premye jou nan yon mwa epi yo fini nan dènye jou nan yon mwa. Si yon kontra lwaye pran fen nan yon dat detèmine, lokatè yo dwe kite kay la nan dat sa a. **Lokatè ki pa kite kay la avan kòmansman peryòd lokasyon sa a, san yon akò ak pwopriyetè yo a, ka gen pou yo peye yon lwaye sipleman.** Si lokatè yo pa peye lwaye sipleman yo dwe a, yo ka pèdi tout oubyen yon pati nan depo garanti yo a.

Pwopriyetè yo dwe ranbouse **depo garanti yo nan 21 jou aprè demenajman lokatè yo.**


Ki Dokiman Lokatè yo Dwe Konsève?

Lokatè yo dwe konsève fòmilè akò oubyen kontra lokasyon yo a, tout chèk oubyen resi lwaye a epi, aprè yo fin demenaje, yo dwe gen yon kopi notifikasyon ekri sou nouvo adrès pou transfè a yo te bay pwopriyetè yo a. Dokiman sa yo dwe konsève jiskaske tout pèman yo fin regle epi pwopriyetè a fè ranbousman depo garanti lokatè a ak enterè yo.



Ki dwa ak responsablite pwopriyetè ak lokatè yo genyen nan zafè pwopriyete sezi?

Lokatè ki lwe yon byen imobilye ki se yon byen yo sezi a ap benefisye yon pwoteksyon jiridik k ap prezève yo de yon tretman enjis ak boulvèsman. Lwa aktyèl la ranfòse kèk nan pwoteksyon sa yo. Pwopriyetè ki gen byen yo sezi yo ak antrepriz jesyon ak kontwòl byen imobilye yo ak koutye yo dwe respekte dispozisyon pwoteksyon sa yo. W ap jwenn enfòmasyon anplis sou pwoteksyon sa yo pandan w ap eskane kòd QR la oubyen vizite **www.ct.gov/dob/rental-security-deposits**.



OPSYON POU REZOUZ KONFLI

Lokatè yo gen de (2) opsyon pou rezoud konfli yo:



SÈVIS LABANK

Consumer affairs (Sèvis konsomatè) disponib pou reponn kesyon sou depo garanti lwaye yo. Komisè Bank lan kapab mennen ankèt sou plent yo, pibliye òdonans pou mete sispanyon ak renonsyasyon oubyen transmèt dosye Biwo Pwokirè Jeneral la nan yon pwosedi lajistis. Pou plis enfòmasyon kontakte:

Connecticut Department of Banking Consumer Affairs

280 Trumbull Street, 16th Floor
Hartford, CT 06103
Telefòn: (860) 240-8154
or toll-free 1-800-831-7225 x 8154
www.ct.gov/dob



ALE NAN TRIBINAL (TI PLENT YO)

Kòm solisyon senp epi rapid, pwopriyete yo oubyen lokatè ki gen konfli konsènan depo garanti pou lokasyon yo kapab angaje yo nan pwosedi ki pa gen gwo enpòtans devan yon Tribinal ki jere Dosye sou Lojman oubyen devan Tribinal Lokal Teritoryal la si pa gen yon Tribinal ki jere Dosye sou Lojman. Tribinal ki jere ti Plent yo pèmèt yon moun pousuiv yon pwosè lajistis rive nan yon sèten montan. Se lwa eta a ki fikse montan an epi li kapab modifye tanzantan. Tanpri gade seksyon **Kesyon yo poze souvan** nan CT Judicial Branch's la pou plis enfòmasyon konsènan montan aktyèl yo.

“How Small Claims Court Works,” (Kòman Tribinal ki jere ti Plent yo Fonksyone), gen yon bwochi ki eksplike pwosedi règleman sou ti dosye yo ki disponib nan Tribinal eta a (Housing Session and Geographical Area Court) oubyen nan seksyon piblikasyon an sou www.jud.ct.gov.